Ө.ХОЖАНИЯЗОВ ДӨРЕТИЎШИЛИГИН ҮЙРЕНИЎ

Юсупов Қонысбай Абылович

Қарақалпақ *мәмлекетлик университети*

Ключевые слова: процесс урока, **с**тиль, метод, индивидуал, методика.

Key words: the process of the lessons, style, method, individual, methodology

XX әсир қарақалпақ әдебиятының 50-70-жылларында өзиниң поэзиясы, прозасы ҳәм аўдарма дөретпелери менен айрықша көзге түскен жазыўшылардың бири Өсербай Хожаниязов болып, өзиниң заманласлары болған И.Юсупов, Т.Жумамуратов, Т.Сейтжанов, Х.Турымбетов ҳ.т. басқалардың дөретиўшилиги арасында өз ҳаўазы, стили менен өзгешеленип турды. Жазыўшы дөретиўшилигине тән өзгешелик ол дәўир талабы менен бирге жасады. Жазыўшы ҳәм журналист сыпатында жәмийетлик өмиримиздиң әҳмийетли мәселелери ҳаққында көркем дөретпелер жазды. Оның «Шын жүректен» (1952), «Бизиң комиссар» (1958), «Өмир маржанлары» (1959), «Пәрўаз» (1976) сыяқлы қосықлар топламлары жәрияланды. Жазыўшының «Бахыт босағасында» (1956), «Айдана» (1972), «Бир совхозда» (1960), «Қыс балладасы» (1970), «Жайнаған жәзийра» (1975), «Бир өмир қыссасы», «Жезтырнақ», «Жалынлы жылларда» повестьлери дөреди. 1987-жылы «Жайлаўдағы бәҳәр» роман ҳәм повестьлер топламы басылып шықты. Бул көркем дөретпелер қарақалпақ әдебияты тарийхынан беккем орын ийелеген шығармалар болды. Жазыўшының гүрриңлери менен қосықлары өзбек, қазақ, қырғыз ҳәм рус тиллерине, «Айдана» повести (1962) өзбек тилине аўдарылып дағазаланды. Ол В.Шекспир, И.Тургенов, М.Горький, Салтыков-Щедринлердиң шығармаларынан қарақалпақ тилине аўдармалар жасады.

Ө.Хожаниязовтың дөретиўшилигине белгили әдебиятшылар М.Нурмуҳаммедов, С.Ахмедов, Қ.Мақсетов, К.Қудайбергеновлар унамлы

пикирлерин билдирген. Академик М.Нурмуҳаммедов өзиниң қарақалпақ прозасы бойынша изертлеў жумысында жазыўшының гүрриңлерине терең филологиялық таллаў жасап, қаҳарман образын ашып бериўдеги шеберлик мәселесине дыққат аўдарып, ондағы жетискенлик ҳәм кемшиликлер ҳаққында пикирлерин билдирип өткен еди [1, 275-277]. Сондай-ақ профессор Қонысбай Камалов белгили жазыўшы Ө.Хожаниязов дөретиўшилиги ҳаққында жазған мақаласында:

«XX әсирдиң 50-жылларының басы қарақалпақ әдебиятында әдебий күшлердиң жетилисип, қарақалпақ жазыўшыларының шеберликке умтылып атырған дәўири болды. Усы дәўирде Ө.Хожаниязов Москваға барып М.Горкий атындағы әдебият институтына киреди ҳәм оны табыслы тамамлайды. Ол бул институтта оқып жәҳән әдебиятының тарийхы ҳәм бай эстетикалық ғәзийнеси менен еркин танысады, студентлердиң дөретиўшилик семинарларында тәжирийбели шайыр ҳәм жазыўшылардың алдында жаңа шығармаларды додалаўға қатнасады. Жазыўшы Өсербай Хожаниязов бул институтты питкерип келгеннен кейин «Қарақалпақстан» баспасында редактор, көркем әдебиятлар бөлиминиң баслығы, ҳәзирги «Еркин Қарақалпақстан» газетасында хабаршы, «Әмиўдәрья» журналында бөлим баслығы, жуўаплы хаткер ўазыйпаларында ислейди. Ол поэзия, проза, көркем аўдарма ҳәм журналистика тараўында тынымсыз қәлем тербетеди.» [2. 93]. - деген пикирлерин билдирди.

Өсербай Хожаниязов – белгили лирик шайыр болды. Шайырдың «Өзбекистан», «Поэзияға мирәт», «Қара теңиз», «Тырналар», «Әрман», «Туўған жер», «Ашықпан» усаған лирикалық қосықларында ўатан, халықлар дослығы, муҳаббат, тәбият, адамгершилик, әдеп-икрамлылық мәселелери сүўретленеди. Сатиралық қосықларында жәмийетлик өмирде ушырасқан жағымпазлық, ағайиншилик, бала тәрбиясына надурыс қатнас усаған мәселелер поэтикалық тил менен сынға алынады.

Өсербай Хожаниязов «Арал балығы» гүрриңи менен «Бир совхозда» атлы очерки көлеминиң қысқа болыўына қарамастан өзиниң шеберлиги, проблемасының актуаллығы менен өз ўақтында жергиликли әдебий-көркем сыннан жақсы баҳа алған. Жазыўшының «Орынсыз өкпе», «Жас шопан», «Мийнет-даңқ иси» ҳәм басқада бир қатар гүрриңлеринде ўақыялар ықшам берилген. Әсиресе, жазыўшының «Арал балығы», «Шын муҳаббат», «Пәкене», «Бажалардың хатлары» гүрриңлеринде әдеп-икрамлылық мәселелери жақсы сүўретленген. «Мийнет-даңқ иси» гүрриңинде Алламурат пенен устахана баслығы Әзизов образлары ашылған. Оның «Ҳайўанлар айтысы», «Жайын», «Батыр бала», «Қымбатлы граммлар» сыяқлы балаларға арнап жазылған гүрриңлери көркемлик жақтан сәтли жазылған. Бул гүрриңлер балалардың дыққатын ўақыялардың қызықлығы менен өзине тартады. Сондай-ақ жасларды мийнет сүйиўшиликке, адамгершиликке тәрбиялайды.

Жазыўшының «Шын муҳаббат» гүрриңи қысқа ҳәм ықшам сюжетке қурылған. Ондағы ўақыялар жасларды ҳадаллыққа тәрбиялайды. Гүрриңде ескиликти әшкаралап көрсетеди. Автордың «Бажалардың хатлары» гүрриңи жазылыў стили бойынша өзиншеликке ийе. Бунда Үкибай ҳәм Түлкибайлардың образлары ирониялық усыл менен ашылған. Олар бир-бирине хат жазып турады. Соның ишинде барып турған жалатай, ғәззап Түлкибайдың хатлары айрықша қызығыўшылық туўдырады. Оның хатлары дәслеп менменлик руўхында, шешенлик қызық сөзлерден ибарат болып, соң ақырында жаман қайғы-муңлы қысқа сөзли, үмитсизликке толы мәниске ийе болады. Бул қаҳарман тәғдириниң қайда баратырғанын көрсетип турады ҳәм оқыўшыда ериксиз күлки пайда етеди. Бул жерде унамлы ҳәм унамсыз персонажлардың бир-бирине ашып қарсы қойылғаны көзге түседи. Себеби сатира жанрында бундай усыл толық қолланылыўы мүмкин.

Ө.Хожаниязов турмыстағы кемшиликлерди сатиралық усыл менен шебер көрсете биледи. Оның «Жарты мурын» гүрриңи қолына ҳәмел тийген ўақтында ҳәммеге менсинбей қарап, ал ҳәмелден түсип қалған ўақта жүдә әбжили шығып қалған бюрократ туўралы жазылған өткир сатира болып табылады. «Тереңде» гүрриңинде адамгершиликке жат ис-ҳәрекетлери әшкараланады. Онда Ҳилалатдинниң образы қызықлы ўақыялар менен ашылып, оның халық арасынан қуўылыўы себеплери ҳәм жағымсыз әдетлери ашып көрсетиледи.

Белгили жазыўшы А.П.Чеховтың гүрриңлеринен Ө.Хожаниязов дөретиўшилик жақтан терең тәсир алғанлығы сезиледи. Мәселен, жазыўшының «Пәкене» гүрриңи «Хамелеон», гүрриңиниң мазмунына жүдә жақын. Ондағы образлар шеберлик пенен жазылған. Онда автор еки жүзли, жағымсыз жалақор, езбе, ҳарамзада адамның жуўмақланған образын жасайды. Дөретпеде Палымбет образы тәсирли берилген. Ол бәрҳама таза кийинип, адамлар арасында пухта, шаққан ҳәрекети менен көринип жүреди. Бирақ ол кемшиликти көрсе үндемейди. Жаман ислерге жолықса көз жумып өтип кетеди. Басқа адамлар турмыста алжасыққа ушырасса күледи. Ол басшылар алдында мудамы жағымпазланып жүреди. Гүрриңниң ең жақсы тәрепи қысқа сюжетке қурылған. Автор еки жүзли өсекшиниң шебер типин жасаған, шығарманы оқып отырып, жеркенишли, ҳүждансыз, өз қара басының мәпи ушын ҳәрқандай гүнасыз адамды айыплап кетиўге таяр, сырттан қарағанда ҳақ болып көрингени менен, бирақ ҳақыйқатында барып турған ҳайяр, ис жақпас, ҳарамтамақ адамды ериксиз көз алдыңа келтиресең. Бул турмыс шынлығынан алынған ўақыялардан ибарат.

Ө.Хожаниязов қарақалпақ прозасын жанрлық ҳәм формалық жақтан раўажландырыўға әдеўир үлес қосты. Жазыўшының дәслепки повести «Айдана». Бул повесть ҳаққында филология илимлериниң докторы Қонысбай Камалов өзиниң қарақалпақ повестьлерин изертлеген илимий жумысында унамлы пикирлерин билдирип, дөретпениң образларына, жазылыў шеберлигине терең

таллаў ислеген [3.62-63]. Повестьте қой бағыўшы шопан Асқардың өз кәсибин сүйиўи, оның кыйыншылықлары, шаруўалар турмысының реаль картиналары менен бирге әпиўайы шопан адамының жеке минезиндеги инсаныйлық, ўатанға сүйиўшилик сезимлер жақсы ашылады. Бул шығармалар көркемлиги жағынан китап оқыўшылардың қызығыўшылығын елеге шекем өзине тартып киятыр.

Өсербай Хожаниязовтың «Бир өмир қыссасы», «Жез тырнақ ҳикаясы» атлы повестьлери де сәтли жазылған дөретпелерден есапланып, онда бир дәўир шынлығы сүўретленген ҳәм екеўи сюжетлик байланысқа ийе шығармалар. «Бир өмир қыссасы» повестинде мәрт ҳәм ар-намысына қырағы ана Сайыпжамал менен оның баласы Оңғарбайдың образлары сүўретленсе, «Жез тырнақ ҳикаясы» повестинде Айжамал ҳәм оның ҳадал, ҳақ кеўилли қызы Рәўшанның образлары ашып бериледи.

Жазыўшының «Жалынлы жылларда» повестинде уллы ўатандарлық урысынан жарадар қайытқан Медеттиң образы тереңнен ашылған. Дөретпеде қызықлы ўақыялар ҳәм турмыс ҳақыйқатлығы көркем поэтикалық тил менен сүўретленеди. Ал жазыўшы қайтыс болғанан кейин оның «Қашқынлар» повести баспада жәрияланды. Онда XX әсирдиң 20-30-жылларындағы тарийхый ўақыялар сүўретленеди.

Өсербай Хожаниязовтың «Айдана», «Қыс балладасы», «Жайлаўдағы бәҳәр», «Жаҳангир биринши» «От ишинде» атлы повестьлеринде ҳәм «Ояныў» романында ҳәр түрли турмыс тараўларындағы конфликтлерди сүўретлеп бериўине қарамастан, онда турмыс шынлығының күшлилиги ҳәм сол принциплерди қаҳарман образларына тереңнен сиңдире билиўдеги поэтикалық шеберлиги, идеялық ҳәм көркемлик жақтан тереңлиги менен басқа жазыўшылардың дөретпелеринен өзгешеленип турады.

Өсербай Хожаниязовтың «Айдана», «Қыс балладасы», «Жайлаўдағы бәҳәр», «Жаҳангир биринши» «От ишинде» атлы повестьлеринде ҳәм «Ояныў»

романында пейзаж ҳәм тәбият көринислери арқалы қаҳарманлардың ҳәрекет еткен қоршаған орталығы, шараятлары алып сүўретленеди.

Солай етип, жазыўшының дөретиўшилигине белгили алымларымыз М.Нурмуҳаммедов, С.Ахмедов, Қ.Камалов, К.Қудайбергеновлар өз ўақтында дурыс ҳәм әдил баҳа бериўи, жазыўшының дөретпелериниң көркемлик жақтан шебер ҳәм жоқары дәрежеде сапалы жазылғанынан болса керек.

Улыўмаластырып айтқанда, бүгинги жаслар белгили жазыўшы, шайыр, журналист ҳәм аўдармашы Ө.Хожаниязовтың дөретиўшилигин тереңнен үйренип барады. Олар және де жазыўшының әдебий дөретпелери менен танысып, қарақалпақ әдебиятын тематикалық, жанрлық ҳәм көркемлик жақтан раўажландырыўға салмақлы үлес қосқанлығын тереңнен түсинип алады. Оның көркем дөретпелери ғәрезсизлик дәўиргеги жаслар ушын да үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе баҳалы әдебий мийраслар болып, оларды улыўма инсаныйлық, әдеп-икрамллылық, эстетикалық сезимлерге тәрбиялайды.

ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Yusupov K.A. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda ádebiy materiallardı tallaw metodikası. Monografiya. – Tashkent: METODIST NASHRIYOTI, 2023. –120 b
2. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Монография. – Нөкис: Qaraqalpaqstan, 2019. – 7 б.т. – 112 б.
3. Yusupov K.A. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń ilimiy metodikalıq tiykarları. Monografiya. – Tashkent: NIF MSH, 2024. –154 b. UDK: 82 KBK: 83
4. Yusupov K.A., Yusupov I.K. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda innovaciyalıq-pedagogikalıq texnologiyalar. Oqıw qollanba. – Tashkent: METODIST NASHRIYOTI, 2023. – 120 b
5. Юсупов К.А. Академик лицейларда қорақалпоқ адабиётини ўқитиш

методикаси (педагогика фанлари доктори (DSc) диссертацияси автореферати). – Нөкис, «Miraziz Nukus», 2021. – 4 б.т – 66 бет.

6. Юсупов К.А. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Sabaqlıq. – Tashkent: Sano-standart, 2018. – 21 б.т. – 336 б.

7. Yuspov KA Arnawlı pánlerdi oqıtıw metodikası. sabaqlıq. – Tashkent: INNOVATSIYA-ZIYO, 2022. – 19 б.т. – 304 б.

8. Юсупов К.А. Kórkem shıǵarmalardıń mazmunıń úyreniw metodikası. Oqıw qollanba. – Tashkent: Yosh avlod matbaa, 2021. – 23,75 б.т. – 380 б.

9. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw texnologiyaları. Oqıw qollanba. – Tashkent: INNOVATSIYA-ZIYO, 2022. – 9.3 б.т. – 144 б.

10. Юсупов К.А. Qánigelik hám pedagogikalıq ámeliyat. Методикалық қолланба. – Nókis: Ilimpaz, 2021. – 3.75 б.т. – 60 б.

11. Юсупов К.А. Ш.Сейтов прозасын таллаў усыллары. Методикалық қолланба. – Нөкис, «Miraziz Nukus», 2017. – 4 б.т. – 64 бет.

12. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын сабақтан тыс жумыслар арқалы үйрениўдиң илимий методикалық мәселелери. Методикалық қолланба. – Nókis: Miraziz Nukus, 2018. – 5 б.т. – 80 б.

13. Юсупов К.А. Қәнигелик пәнди оқытыўда инновацион технология. – Nókis: Miraziz Nukus, 2015. – 6 б.т. – 96 бет.

14. Konis A. Yusupov. Studying Forms of Teaching Karakalpak Poetry at Academic Lyceums. Eastern European Scientific Journal. Germany. Ausgabe, 3-2018. 72-75.

1. Konis A. Yusupov. Studying Karakalpak Poetry in Academic Lyceums by Various Methods in Class. Eastern European Scientific Journal. (ISSN 2199-7977). Germany. 1-2019. 83-85.

2. Yusupov K.A. Scientific and theoretical foundations of teaching Karakalpak

literature at academic lyceums // Journal of Critical Reviews. – Vol 7, Issue 7, 2020. №1. – P.P. 349-354

3. Повышение интереса учащихся к литературе на основе анализа художественных произведений. «Наука и Общество» журнал, №2 2018, стр.32-34.

4. Юсупов К.А. Изучение внеаудиторных работ по каракалпакской литературе в академических лицеях «Наука и Общество» журнал, №3 2018, стр.36-38.

1. Yusupov K.A. Curricula for teaching karakalpak literature. // Academicia: An International Multidisciplinary Research Journal https://saarj.com. Academicia ISSN: 2249-7137 Vol. 11, Issue 5, May 2021, Стр. 1069-1074. Impact Factor: SJIF 2021 = 7.492, 10.5958/2249-7137.2021.01525.1

2. Yusupov K.A. Scientific and methodological problems of studying karakalpak literature. //Asian Journal of Multidimensional Research (AJMR) https://www.tarj.in. ISSN: 2278-4853 Vol 10, Issue 5, May, 2021. Стр. 585-590. Impact Factor: SJIF 2021 = 7.699. 10.5958/2278-4853.2021.00451.1

3. Юсупов К.А. Изучение творчества Чингиза Айматова в академических лицеях // Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2021. – №7. – стр. 52-53 (13.00.00. №8).

4. Юсупов К.А. Актуальные вопросы преподавания каракалпакской литературы в академических лицеях / Литература и художественная культура тюркских народов в контексте восток-запад. Материалы Международной научно-практической онлайн-конференции Казань, 22-25-октября 2020 г. Стр.352-355.

5. Юсупов К.А. Изучение лирики Усербай Алеўова / Литература и художественная культура тюркских народов в контексте восток-запад. Материалы Международной научно-практической онлайн-конференции Казань, 22-25-октября 2020 г. Стр.348-351.

6. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде шайыр лирикасын үйрениў. // Илм-фан ва таълимнинг ривожланиш истиқболлари. Республика илмий конференцияси тўплами. – Тошкент: www.openscience.uz, 25 сентябрь 2020 йил. – №6. – Б. 25-28.

7. Юсупов К.А. Научно-методических основы преподавания каракалпакской литературы. Internaional Scienfiic Jounal Theoretical & Applied Scieence p-ISSN: 2308-4944 (print) e- ISSN:2409-0085 (online) Year: 2021 Issue: 11. Pp. 362-371. http://T.Science.org.

8. Юсупов К.А.Педагог шайыр лирикасы ҳәм тәлим-тәрбия мәселелери // Ilim ha'm ja'miyet. Нукус давлат педагогика институти журнали. – Нукус, 2021. – №4. – Б. 100-102.

9. Юсупов К.А Өсербай Әлеўовтың лирикасын үйрениў. «Әмиўдәрья» , 2021, – №4, Б. 63-68.

10. Юсупов К.А. Әбдимурат Атажановтың дөретиўшилик устаханасы. «Әмиўдәрья» журналы, №5, 2018, 68-75.

11. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде Ө.Хожаниязов дөретиўшилигин үйрениў // Ilim ha'm ja'miyet. Нукус давлат педагогика институти журнали. – Нукус, 2020. – №1. – Б. 32-35.

12. Юсупов К.А. Развитие устной культуры учащихся на уроках литературы // Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2022. – №1. – Б. 70-71

13. Yusupov K.A. Umumiy o'rta ta'lim maktablarida qoraqalpoq adabiyotini o'qitish masalalari// Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2022. – №2. – Б. 17-18

14. Yusupov K.A. Teaching students the metods of artistic depiction in Karakalpak prose. // Journal of Hunan University (Natural Sciences). Vol. 49. No. 04. April 2022. Page - 590-603.

15. Yusupov K.A. Methods of selection of Karakalpak Novels. // Journal of

Positive School Psychology. (Scopus) Volume. 6, No. 4 (2022). Page - 26-30. ISSN: 7152-7159.

16. Yusupov K.A. Learning Discussing the Epic Novels. // Eurasian Journal of Learning and Academic Teahing. Volume 7 I March 2022. Page - 26-30. ISSN: 2795-739X.

17. Юсупов К.А. Обучение основам письменной речи учащихся. // «PEDAGOGS» innernational research journal. Volume-7, Issue-1, April-2022. – Стр. 176-181.

18. Yusupov K.A. Theortical foundations of teaching Karakalpak literature. // GALAXY international interdisciplinary research journal (GIIRJ). ISSN (E): 2347-6915. Vol. 10, Issue 5. (2022). PP. 210-216.

19. Юсупов К.А. Әдебияттаныўда салмақлы орны бар алым. ҚМУ хабаршысы, №1, 2015, 132-136.

20. Юсупов К.А. Ш.Сейтов прозасында пейзаж ҳәм қаҳарман образын үйрениў мәселелери. ҚМУ хабаршысы, №2, 2015, 92-96.

21. Юсупов К.А. Изучение произведений писателя на уроках литературы // Международный научно-образовательный журнал «Образование и наука в XXI веке». Выпуск №26 (том 4), май, 2022. – Стр. 196-201.

22. Yusupov K.A. Methodologu for analyzing iyrical works in literature lessons. // Miasto Przysztoǵci. (Impact Factor: 9.2). Vol. 26 (2022). Page - 200-208. ISSN: 2544-980X.

23. Юсупов К.А. Изучение творчества С.Мажитова в школе. //V Международный журнал научных исследований «Научный импульс». Выпуск №1, 30 август, 2022. – Стр. 44-50.

24. Yusupov K.A. Methods of Teaching the Works of O.Satbaev in Schools. // Journal of intellectual prperty and human rights. Vol. 01lssue. September - 2022. Page – 44-53. ISSN: 2720-6882.

25. Yusupov K.A., Jiemuratova A.S. Develorment of Oral and Written Speech of Students in Schools. // Journal of intellectual prperty and human rights. Vol. 01 lssue. September - 2022. Page – 56-66.

26. Юсупов К.А Образ Айдос бия в каракалпакской литературе. // I International science conference on multidisciplinary research, Abstracts of International Scientific and Practical Conference. Berlin, Germany January 19-21, 2021, стр. 766-769

27.Юсупов К.А Изучение в современной каракалпакской лирике. / III International science conference on e-learning and education, Abstracts of III International Scientific and Practical Conference. Lisbon, Portugal February 2-5, 2021, стр. 349-353.

28. Юсупов К.А. Изучение творчество Казакбай Юлдашева /V Международная научно-практическая конференция по новым тенденциям в науке и образовании «Theoretical and scientific bases of scieetific thought», 16-19 февраля, 2021 г., Рим, Италия, стр. 503-508.

29.Юсупов К.А.Академиялық лицейлерде А.Атажановтың прозасын үйрениў. /VI Международная научно-практическая конференция по фундаментальным наукам, искусству, бизнесу и образованию, интернет-технологиями и обществу. 23-26 февраля, 2021 г., Стокгольм, Швеция, стр. 443-448.

30.Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде Аббаз Дабылов лирикасын оқытыў технологиялары. /VI Международная научно-практическая конференция по фундаментальным наукам, искусству, бизнесу и образованию, интернет-технологиями и обществу. Швеция, стр. 431-432.

31. Юсупов К.А. Юсупов И.К. Лирикалық шығармаларды оқытыў методикасы. /VI Международная научно-практическая конференция по

фундаментальным наукам, искусству, бизнесу и образованию, интернет-технологиями и обществу. 23-26 февраля, 2021 г., Швеция, стр. 469-474.

32. Юсупов К.А. Изучение литературных жанров. / VIII Международная научно-практическая конференция «Problems and tasks of modernity and approaches to their solution», 02-05 марта, 2021 г., Япония, стр. 198-203.

33.Юсупов К.А. Изучение творчества Аденбая Тажимуратова в академических лицеях. /IX Международная научно-практическая я конференция «Innovative technologies in science and education», стр. 226-232.

34.Юсупов К.А. Изучение произведения писателя в академических лицеях. // IX Международная научно-практическая конференция «Innovative technologies in science and education», 04-06 марта, 2021 г., Иерусалим, Израил, стр. 233-238.

35. Юсупов К.А. Изучение творчества Конысбай Камалова в академических лицеях. «Innovative technologies in science and education», 04-06 марта, 2021 г., Иерусалим, Израил, стр. 250-256.